# «ER ZIYWAR» DÁSTANÍNDA TERME, TOLǴAWLARDÍŃ TUTQAN ORNÍ

**Bekbergenova Abadan Utepovna**

*Ózbekstan Respublikası Ilimler akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim-izertlew institutı, Nókis*

***Annotaciya:*** Ushbu maqolada «Er Ziywar» qoraqalpoq xalq dostonidagi terme va tolǵawlarning tutgan urni haqida súz boradi. Terme va tolǵawlarning dostonda badiy tasvirlanishida Qurbonboy jirovning maqoratining katta ekani nazarda tutiladi.

***Tayanch súzlar:*** terme, tolgaw, jirov, maqorat, doston.

***Annotaciya:*** V state rasskazivaetsya o terme i tolgaw v karakalpakskom narodnom epose «Er Ziywar». V xudojestvennom opisanii terme i tolgaw v epose predpolagaetsya, chto vajnoe znacheniye imeet masterstvo Kurbanbaya jraua.

***Klyuchevie slova:*** terme, tolgau, jrau, masterstvo, epos.

***Abstract:*** The article talks about terma and tolgau in the Karakalpak folk epic “Er Ziyuar”. In the artistic description of terme and tolgau in the epic, it is assumed that the skill of Kurbanboy Zhirov is important.

***Key words:*** terme, tolgau, zhrau, skill, epic.

Dástanlardıń xalıq arasında taralıwında, uzaq waqıt saqlanıp keliwinde tek jırawlardıń ǵana úlken tájiriybesi hám ózine tán sheberligi nátiyje bergenligin kóriwimizge boladı. Bul haqqındaǵı V.Radlovtıń: «batırdıń tuwılıwı, onıń ósiwi, sawashqa tayarlanıwı, batırlardıń sawash aldı sóylesiwleri, adamlardıń hám atlardıń sıpatlaması, belgili batırlardıń minez-qulıqları, hayal-kızlardıń gózzalıǵınıń táriypleniwi, qaharmannıń ólimi, joqlawlar, tábiyattıń súwretlewlerin atqarıwshılar sheber hám tájriybeli bolsa barlıǵın biriktirip táriyplep bere aladı» [1] – degen pikiri dıqqatqa ılayıq. Sonday-aq, usınday pikirdi qazaq xalkınıń belgili epostanıwshı ilimpaz M.Awezov: qırǵız eposı «Manas» tıń atqarıwshılarına toqtap, olardı ekige bólip, birinshisi-djomokchulardı – qosıqshı improvizator yesabında qarap, grek aэdlarına teńese, ekinshisi ırchılardı ápiwayı atqarıwshılar yesabında qarap, grek raspodları menen salıstıradı. Írchılardıń yadlap alǵan tekstti ǵana aytıp júretuǵının kórsetedi» [2]. Ilimpazlardıń bul pikirlerin akademik V.M.Jirmunskiy «Sredneaziatskie narodnıe skaziteli» degen miynetinde úlken itibar qaratadı hám qollap quwatlaydı [3]. Ilimpazlardıń pikirine súyenetuǵın bolsaq, «Er Ziywar» dástanınıń da uzaq waqıt saqlanıp xalıqqa jetip keliwinde Qurbanbay jırawdıń improvizatorlıq sheberligi áhmiyetli orındı tutatuǵını sózsiz. Sebebi, «Er Ziywar» dástanınıń kompoziciyalıq qurılısı quramalanıp, ózine tán ózgeshelikke iye bolıwında, syujetiniń baslanıw, konfliktke túsiw, kulminaciyanıń háwij alıwı hám rawajlanıw barısındaǵı waqıyalardı izbe izlikte qurıwda onı qızıqlı etip tıńlawshıǵa jetkerip beriwde jırawdıń dóretiwshilik uqıbınıń jeterli dárejede ekeni, xalıq úrip – ádet dástúrlerin jaqsı biletuǵını, bul bolsa onıń improvizatorlıq sheberliginiń kúshli

ekenin ayqın dáliyli bolıp esaplanadı. Sonday-aq, jırawdıń dástandı xalıqtıń sóz baylıqları menen bezep beriwdegi sheberligi haqqında belgili qaraqalpaq folklortanıwshı alım prof. Q.Maqsetovtıń «Dástannıń kórkemlik ózgesheligi basqa qaraqalpaq dástanlarınan Qurbanbay jırawdıń individuallıq ayrıqshalıqlarınıń ayqın kórsetiliwi menen ayırılıp turadı. Sonlıqtan «Er Ziywar» dağı terme-tolğawlarda bolsın yamasa tórt qatarlı qosıqlarda bolsın waqıyanıń baslanıwı, dawamlanıwı, tamamlanıwında úlken ózgeshelikler sezilip turadı. Jıraw burınnan kiyatırğan súwretlew tradiciyaların ózinshe bayıtıw menen kollektivlik dóretiwshilik juwmağı menen dástanlarğa úles qosadı» [4] – degen bahalı pikirin ushıratamız. Rasında, da «Er Ziywar» dástanı qaraqalpaq xalqınıń basqa qaharmanlıq dástanları sıyaqlı mazmunı jağınan da, kórkemlik forması menen ózine tán ózgeshelikke iye. Sebebi, jırawdıń sheberligi sonda ol jırlağan dástanlardağı qosıq qatarları uyqasıp mazmun menen forma uyğınlasıp bir birin tolıqtırıp otıradı. Tıńlawshığa isenimdi payda etedi. Dástandağı qara sóz benen qosıq qatarların orınlı jerinde durıs paydalanılğan. Mısalı: Sózimdi tıńla Hásenxan, dep turdı qarsı Abakan, Hásenxan turdı oylanıp, Abakan sózin aytadı, atınıń basın tartadı, “Kórgenshe xosh bol, Hásenxan”- dep keynine qaytadı. Al endi Abakan keynine qaytqannan keyin, Hásenxan alpıs eki hámeldar, jetpis eki móhirdar, barlıq biyin jıynadı, ğarrı jandı qıynadı, ortağa shığıp Hásenxan bularğa qarap tolğadı:

Kelgen jawdı quwmasań,
Alar kelip elińdi,
Soldırar qızıl gúlińdi,
Olja qılar malıńdı,
Jesir eter qızıńdı,
Qullar eter ulıńdı [5].

Dástan birden urıs teması menen baslanğanındağı syujeti isenimli, kewilge qonımlı etip berilgenligin kóremiz. Sebebi urıstı payda etiwshiniń hám oğan qarsı gúresiwshi adamlardıń minez-qulqına, olardıń alğan tárbiyasına say háreketler kórine baslaydı, bul bolsa tıńlawshını zeriktirmey kerisinshe qızığıwshılığın oyatadı. Dástandağı Taqtapolattıń isenimli wáziri Abakannıń elshi bolıp kelgendegi Hásen xanğa ákelgen suwıq xabarı, xannıń usı suwıq xabardan keyingi albırawları, eli-jurtın dushpan qolınan aman alıp qalıw ushın, biylerine qarata qıylanıp tolğanıp aytqan hár bir danalıq, xalıqshıllıq sózlerin, jıraw sheberlik penen jırlaydı. Bul berilgen tolğaw arqalı Xorezm xalqınıń basına túsken awır jağdayı sáwlelenedi, hesh nársege jaramaytuğını tek ózleriniń basınıń ğamın oylaytuğın personajlardıń da minez-qulqı ashıladı. Bul tolğawdı tıńlawshılar Taqtapolattıń ádilsizligine jekkóriwshilik sezimlerin bildirse, al, Hásenxannıń xalıqshıllığın joqarı bahalaydı hám Xorezm eline degen súysiniwshilik sezimi oyanadı. Sebebi, Hásenxan alpıs eki beglerine Taqtapolattıń elshi jibergendegi maqseti Xorezmdi basıp alıw ekenin, elin wayran

etip, bassınbaqshı ekenin, biraq, qalanı sırtqı jawǵa bermewdiń jolın tabıw kerekligin bolmasa xalqınıń toz toz bolatuǵının aytıp tolǵaydı. Biraq, bul tolǵawına alpıs eki hámeldardan «berileyik jeńilemiz» degen sózden basqa juwap ala almaydı. Usı waqıttaǵı ulı Er Ziywardıń «gúresemiz jeńemiz» batırlıq sózleri hám háreketleri ǵana xalıqqa hám Hásenxanǵa járdem beredi. Sonday-aq, Er Ziywar batırdıń hám Xorezm elindegi Aqqozı, Sáriwanlı Er Janaylardıń kúshli batırlıq háreketleri menen Xorezm eli jeńiske erisedi. Menmensingen Taqtapolat Hásenxannıń qolınan qaza tabadı. Endi qalmaq jurtına xan saylaw kerek boladı. Hásenxan qalmaq jurtınıń endigi xanın ádalatlı, aqıllı, keń peyil, xalıqtıń basın sıypaytuǵın, zarın tıńlaytuǵın insan bolıwın qáleydi. Hásenxannıń arzıw-ármanları jıraw tárepinen termeler arqalı mánili hám tásirli etip xalıqtıń áhmiyetli sóz baylıǵı bolıp esaplanǵan naqıl-maqal «Ólseń sheyit bolasań, óltirgen qazı boladı», «Sabır túbi sarı altın», aqıl-násiyat formasındaǵı termelerdi baylanıstırıp súwretlengenligi názerde tutıladı. Mısalı: «Sabır túbi sarı altın», «El aǵası eldi el dúzer», «Ádepsiz kelin el gezer», «Nadanlar sózdi kóp ezer», «Eki jaqsı qosılsa sheker menen paldaydı», «Qorqaq jigit jaw kelse, kóziniń jasın tıymaydı», «Aqıllıǵa sóz aytsań, sóz mánisin ańlaydı».

Xalıqqa kózin salǵanday,
Sóylese kóziń tolǵanday,
Dushpannıń gúli solǵanday,
Sonday arıslan bar bolsa,
Hásenxanǵa aytıńız,
Qalmaqqa xan bolǵanday [5].

Bul keltirilgen termeler arqalı jıraw, birinshiden, Hásenxannıń qalmaq xalqın doslıqqa, adamgershilikke, mehribanshılıqqa shaqırıwı dep túsindirse, ekinshi tárepten usı jurttı jaqsı, akıllı insan basqarıwın qálewi hám Xorezm xanınıń danalıǵın táriyplep beredi. Sonday-aq, dástan bastan aqırına shekem tolıp atırǵan kórkem suwretlew quralları menen támiynlengen. Er Ziywardıń mástan kempirdiń duwasınan kiyikke aylanǵannan keyingi waqıtındaǵı batırdıń ótkendegi kúnleri juregine túsip, burınǵı xanzadalıq dáwirin, ata-anasın, qurbı qurdasların, xalqın, usı kúnge shekemgi baxıtlı kúnlerin hám óziniń batır bolǵanın biraq sol Aynajamal atlı qızǵa ashıq bolıp oǵan jetisiwdegi basına túsken qara kúnlerinde mástan kempirdiń duwasına hesh kúshi jetpey qalıp qorlanǵanda hámmesin esine túsirip tolǵaydı. Usı qatarlar dástanda Er Ziywardıń tilinen oǵada sheber súwretlenedi. Mısalı:

Xanzada bolıp xalqıma,
Xorezmdi meńgerdim,
Basshılıq etip xalqıma,
Jetim- jesir ǵáripti,
Jılaǵanǵa dem berdim,
Ol kúnimnen ayırılıp,

Qanatımnan qayırılıp,
Tuyaǵımnan mayırılıp,
Jatırman tasqa tıǵılıp [5].

Er Ziywar batırdıń bul tolǵawında el saǵınıshı, ótken xanzadalıq dáwiriniń qádir kımbatı, oylamaǵan jerde mástannıń sıyqırınan kiyikke aylanıp qalǵandaǵı waqıyası, bári sheber isenimli janlı bayanlanadı.

Juwmaqlap aytqanda, dástannıń bastan aqırına shekem qollanılǵan xalıqtıń sóz baylıqları, sonıń ishinde terme-tolǵawlardıń da tutqan ornı kútá áhmiyetli bolıp tabıladı.

**ÁDEBIYATLAR:**

1. Радлов В.В. Образцы народной литературы тюркских племен. Ч. I – X. СПб., 1866-1907.

2. Әуезов М.О. Мысли разных лет. – Алма-ата: Казлитиздат. 1959. – с. 487-488.

3. Жирмунский В.М. Народный героический эпос. – М., Л.,1962. – с.247.

4. Мақсетов Қ. Ер Зийўар // «Әмиўдәрья» журналы, 1959. – №5. – Б. 128.

5. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. 27 том. «Ер Зийўар». – Нөкис: Илим, 2011. –Б. 10, 46, 85.